



State of New York

Governor Andrew M. Cuomo
Senate Majority Leader Dean Skelos
Assembly Speaker Sheldon Silver

Pou Piblikasyon Imedyat: 6 desanm 2011

GOUVÈNÈ CUOMO, DIRIJAN MAJORITE SKELOS AK PÒTPAWÒL SILVER ANONSE PLAN DETAYE POU KREYE DJÒB EPI POU DEVLOPE EKONOMI AN

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo, Dirijan Majorite Sena a, Dean Skelos, ak Pòtpawòl Asanble a, Sheldon Silver, te anonse yo rive jwenn yon akò ki pwopoze nan twa (3) fason sou pwopozisyon lejislati a ak egzekitif la pou kreye djòb epitou pou redui taks pou Nouyòkè klas mwayèn yo. Akò a gen ladan sipò pou yon Pwogram Travay detaye nan New York ki pral kreye anpil ak yon pakèt djòb avèk investisman nan enfrastrikti New York, pou adopte yon plan refòm fiskal jis k ap reyalize premye gwo restriktirasyon kòd fiskal la nan plizyè peryòd dizan k ap pèmèt gen yon rediksyon taks pou 4.4 milyon kontribiyab Nouyòkè klas mwayèn, pou apwouve \$50 milyon dola nan soulajman adisyonèl pou zòn ki te ravaje nan dènve inondasyon yo, epitou pou redui taks sou pewòl MTA pou ofri soulajman pou ti biznis yo. Kounye a, dirijan yo ap prezante akò a ba manm yo pou apwobasyon.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Gouvènman eta nou an te reyini nan yon manyè bilaterale pou kreye djòb, pou devlope ekonomi nou an epitou, anmenmtan pou adopte yon plan fiskal jis k ap diminye taks pou klas mwayèn nan. Nou envesti nan pwojè ki pral repare enfrastrikti eta nou, epitou ki pral mete anpil ak yon pakèt nou nan travay. N ap diminye taks pou Nouyòkè klas mwayèn yo ak pou ti biznis yo, sa ki pral mete prèske \$1 milya dola nan ekonomi nou an. Nou vize nou kredi taks pou anboche jèn moun k ap viv nan vil la, epitou nou redui chomaj nan kèk zòn ki pi pòv yo nan eta nou an, epitou nou ofri èd dirèk pou kominote k ap batay pou reprann aktivite yo apre tanpèt grav ki te genyen ane sa a. Sa ta reprezante pi piti pousantaj taks pou fanmi klas mwayèn yo nan 58 ane. Plan ekonomik sa a pou kreye djòb yo defye blokaj politik ki te paralize Washington, epi li montre kijan nou kapab fè gouvènman an travay pou moun ki nan Eta sa a yon fwa ankò. Mwen bat bravo pou Dirijan Majorite a Skelos ak Pòtpawòl Asanble Silver pou patenarya yo nan efò n ap fè ansanm pou kreye djòb pou Nouyòkè yo, epi pou mete ekonomi eta nou an sou yon wout pou kwasans.”

Dirijan Majorite Skelos di konsa, “Ane sa a, paske nou travay nan yon manyè bilaterale, nou reyalize kè bagay ki trè enpòtan pou moun ki nan Eta sa a – tankou eliminasyon yon defisi \$10 milya dola, sa ki mete depans yo anba kontwòl ak kwape taks sou pwopriyete yo. Plan detaye sa a pral redui pousantaj taks la pou fanmi klas mwayèn nan nivo ki pi ba yo nan plis pase senkant (50) ane. Plan an pral kreye anpil ak yon pakèt djòb nan sektè prive a, epitou li pral kòmanse fè ekonomi nou an vanse. Mwen kontan poutèt pwopozisyon akò sa a ap reyalize priyorite repibliken Sena a pandan lontan tankou rediksyon taks franchiz sosyete pou manifakti yo, rediksyon taks sou pewòl MTA ki nuizib pou djòb yo, eliminasyon taks anba-anba lè li asosye tranche taks yo ak dediksyon yo, epitou devlopman rezèv nou yo, epitou bay soulajman anplis pou sipòte plis djòb nan kominote ki devaste yo. Mwen pa ka tann pou prezante akò debaz sa a ba manm konferans nou an demen, epitou pou tande remake yo.”

-kontinye-

Pòtpawòl Sheldon Silver di konsa, “Demokrat ki nan Asanble a gen menm soulajman avèk Gouvènè a, epi nou bezwen fè vin gen onètete ak ekite ankò nan sistèm fiskal nou an – yon moun ki touche \$50.000 pa ta dwe peye menm pousantaj taks avèk yon moun ki touche \$5 milyon dola. Avèk kalite dirijan Gouvènè Cuomo, nou te kreye yon plan bilateral ki jis pou tout Nouyòkè yo, epitou plan an ap devlope yon fiti ekonomik pi sèten pou Eta sa a. M ap soumèt nan konferans mwen an yon pwopozisyon k ap ofri \$2 milya dola nan revni pou moun Nouyòk nan chak nan pwochen twazan yo. Pou fè sa, m ap kreye yon estrikti taks pwogresif, ki ajoute avèk yon diminyasyon taks enpòtan pou klas mwayèn nan. M ap rekòmande pou yo bay li konsiderasyon favorab. Mwen felisite Gouvènè a poutèt li ede kreye plan detaye sa a pou relanse ekonomi Eta New York.”

Pwogram Travay Gouvènè New York ap kreye anpil ak yon pakèt djòb avèk yon \$1 milya dola ki vize ak fasilite investisman nan pwojè enfrastrikti enpòtan toupatou nan eta a, tankou pwojè wout, pon, pak, enèji ak dlo. Pwogram Travay New York gen ladan tou kontinyasyon plan detaye pou jwèt aza ak adopsyon yon nouvo kredi taks pou ankouraje anbochaj jèn moun k ap viv nan vil la.

Gouvènè a ak dirijan lejislati a dakò pou refòm kòd fiskal la gen ladan yon restriktirasyon pwovizwa tranch taks ki la deja yo pou redui taks yo pou 4.4 milyon Nouyòkè klas mwayèn nan. Gouvènè a kreye tou yon komisyon pou egzamine yon restriktirasyon detaye kòd fiskal eta a nèt k ap fè li pi senp ak pi jis pou tout kontribiyab yo, epitou pou kreye kwasans ekonomik nan eta a.

Anplis akò sa yo, Gouvènè ak dirijan lejislati a te anonse yon nouvo seri soulajman, tankou yon pwogram sibvansyon \$50 milyon dola pou biznis ak konte ki te afekte nan Siklòn Irene ak Tanpèt Twopikal Lee. Plan an gen ladan tou yon kredi taks pou konsèvasyon djòb pou biznis ni te afekte nan yon katastwòf natirèl pandan ane pase a. Finalman, Gouvènè a ak dirijan lejislati a te anonse taks sou pewòl MTA pral redui pou ti biznis yo.

Detay sou akò ki pwopoze a prezante konsa:

Pwogram Travay New York

Fon pou Enfrastrikti Travay New York: Kreyasyon Djòb avèk Rekonstwiksyon New York

Gouvènè a ak dirijan lejislatif yo dakò pou yon plan k ap kreye lajan pou premye enfrastrikti New York pou mete plis pase \$1 milya dola nan investisman pou kreye djòb. Finansman rapid eta a pral bay \$10 milya dola nan depans investisman dirèk pou kreye anpil ak yon pakèt djòb dirèk avèk rekonstwiksyon wout ak pon; pwojè pak, pwojè baraj ak pwojè pou kontwòle inondasyon; modènizasyon sistèm dlo yo ak enstalasyon edikasyonèl yo; epitou investisman nan amelyorasyon ranman enèji nan bilding komèsyal yo ak nan bilding kote moun abite yo. Plan an ap konsantre sou pwojè ki sipòte Plan Devlopman Ekonomik rejyonal nan sektè transpò, enèji, anviwònman ak sèvis piblik. Investisman lajan rapid nan enfrastrikti ap fèt nan limit siperyè dèy eta a.

-kontinye-

Investisman espesifik ki fèt nan Fon Enfrastrikti Travay New York gen ladan ranplasman pon eta a ak pon lokal ki pa nan bon eta nan chak rejyon eta, reyabilitasyon baraj ak enfrastrikti kontwòl inondasyon, modènizasyon pak yo, rekonstwiksyon sistèm dlo, amelyorasyon rannman enèjetik nan kay, bitasyon, biznis, ak lekòl, epitou avansman rapid avèk gwo pwojè SUNY ak CUNY.

Gouvènè a ak dirijan lejislatif yo te dakò sou pwopozisyon lwa k ap pèmèt Fon Enfrastrikti Travay New York soumèt plan ak konstwiksyon pwojè enfrastrikti kòm yon sèl kontra, sa k ap redui depans yo ak amelyore tan konstrikasyon an. Pasaj lwa “Design-Build” ta redui 9 - 12 mwa nan tan konstwiksyon gwo pwojè enfrastrikti yo. Lajan an ta pèmèt yo jwenn pèmi ak apwobasyon kontwòl pou pwojè enfrastrikti ak acha yo, epitou li ta gwoupe aktivite yo nan ajans ak otorite yo.

Y ta pwokire finansman pou lajan enfrastrikti a nan avansman depans investisman ak nan kreyasyon yon lajan enfrastrikti piblik/prive. Yo ta konsantre \$700 milyon dola nan depans investisman eta a pou ogmante djòb ak efè ekonomik lè yo fè pwojè kapital ki planifye pou ane 2013 a an 2012 kèlkeswa lè sa posib. Yo ta afekte yon lòt \$300 milyon dola ki sòti nan Otorite Pò a pou finansman pou pwojè enfrastrikti nan Vil New York. Yon nouvo lajan enfrastrikti piblik/prive ta kreye jiska \$1 milya dola nan lajan pasyan ak nan investisman prive.

Akò sou Jwèt Aza

Dirijan yo te montre sipò yo pou travay avèk Gouvènè a, epi pou mande sipò majorite yo chak pou mete yon amannman konstitisyonèl pou yon vòt.

Pwogram Travay pou Jèn Moun ki nan Vil la ak Kredi Taks

Gouvènè a ak dirijan lejislati yo te dakò pou kreye yon pwogram travay pou jèn ki nan vil la ak yon kredi taks \$25 milyon dola pou patwon ki anboche jèn moun nan chomaj ki gen laj ant 16 ak 24 ane sou premye sis (6) mwa ane 2012 la. Pwogram nan ak kredi taks la ta disponib pou patwon ki nan biznis tankou enèji pwòp, swen sante, manifakti avanse ak konsèvasyon. Patwon ki kalifye yo ta resevwa jiska \$3.000 dola pou yon peryòd fòmasyon sis (6) mwa ak yon lòt \$1.000 si yo te konsève travayè yo pou yon lòt sis (6) mwa.

Y ap bay prèske \$37 milyon dola nan finansman pou pwogram djòb enpòtan pou jèn moun k ap viv nan vil la. Sa gen ladan \$12 milyon dola nan sibvansyon sipò pou founisè jèn yo pou fòmasyon pou yo prepare pou travay, fòmasyon pwofesyonèl, plasman oswa konvnanans nan djòb, fòmasyon kontini nan espas travay, ak sèvis adisyonèl pou ka fè yo konsève plis travayè. Jèn moun k ap patisipe yo ap resevwa yon salè \$300 pou jiska twa (3) mwa pou yo chak pou fè depans ki asosye avèk tranzisyon yo nan espas travay la. Y ap afekte yon lòt \$25 milyon dola pou fòmasyon ladrès anlwaye yo ak pwogram sipò ki gen ladan alfabetizasyon nimerik, edikasyon debaz ak fòmasyon pwofesyonèl, travay pou jèn moun pandan lete, rechèch djòb ak plasman nan djòb, epitou anwolman fasil nan gadri.

-kontinye-

Refòm Kòd Fiskal San Patipri

Gouvènè a ak dirijan lejislati a te anonse refòm kòd fiskal yo pou kreye djòb epitou pou fè vin gen onètete ankò nan sistèm fiskal la. Dapre nouvo estrikti pousantaj taks la, yon total 4.4 milyon Nouyòkè ta resevwa yon rediksyon taks, tankou yon rediksyon \$690 milyon dola pou kontribiyab klas mwayèn yo, epitou tout kontribiyab yo ta wè yon rediksyon taks oswa yo pa ta wè chanjman parapò ak bòdwo taks anvan yo. Tranch yo ta ogmante avèk to enflasyon an. Nouvo tranch siperyè yo fèk aplike a ap espire nan dat 31 desanm 2014.

Nouvo estrikti taks la ta kreye \$1.9 milya dola nan revni anplis pou Eta a. Yo ta afekte nenpòt lajan ki pa depanse nan revni sa a nan yon lajan rezèv priyoritè pou afekte pou bezwen fiti konsènan kreyasyon djòb, soulajman otorite lokal, edikasyon, swen sante ak pwoteksyon konfiskasyon ipotèk.

Yo ta re-òganize nouvo estrikti tranch taks la konsa:

Nivo Revni	Pousantaj Taks Anvan	Nouvo Pousantaj Taks
\$40.000 jiska \$150.000	6.85 %	6.45 %
\$150.000 jiska \$300.000	6.85 %	6.65 %
\$300.000 jiska \$2 milyon dola	7.85 % - 8.97 %	6.85 %
Plis pase \$2 milyon dola	8.97 %	8.82 %

Avèk yon dekrè egzekitif, Gouvènè a te kreye Nouvo Refòm Taks Eta New York ak Komisyon Ekite pou abòde chanjman alontèm nan sistèm fiskal la, epitou pou kreye kwasans ekonomik. Komisyon an ap gen trèz (13) manm ladan. Nan chif sa a, Sena a ak dirijan majorite Asanble a rekòmande kat (4) manm, epitou Sena a ak dirijan minoritè Asanble a rekòmande de (2) manm. Se Gouvènè a k ap deziyen Prezidan Komisyon an. Tout manm yo gen obligasyon pou gen espètiz nan domèn taks, epitou yo p ap resevwa konpansasyon.

Komisyon an ap fè yon evalyasyon detaye ak objektif sou politik fiskal Eta a, tankou taksasyon sosyete, taksasyon lavant ak taksasyon revni pèsònèl, epitou l ap fè rekòmandasyon sou politik revni san patipri pou amelyore sistèm fiskal ki la deja a. Nan revizyon li a, Komisyon an ap konsidere fason pou elimine lakin ki genyen nan taks, epitou l ap ankouraje ranman administrasyon an ak amelyore koleksyon taks ak aplikasyon lwa fiskal avèk severite.

Pwogram Sibvansyon pou Redrèsman Apre Inondasyon

Gouvènè a ak dirijan lejislatif yo te dakò pou kreye yon pwogram sibvansyon \$50 milyon dola pou kontinye efò redrèsman nan rejyon Eta a ki te afekte nan Siklòn Irene ak nan Tanpèt Twopikal Lee.

-kontinye-

Pwogram nan gen ladan sipò ki anba la a pou redrèsman kominote yo apre tanpèt yo:

- \$21 milyon dola pou ti biznis yo, bitasyon agrikòl yo, lojman miltip yo, ak òganizasyon ki pa komèsyal yo ki te sipòte depans dirèk pou domaj fizik ki asosye avèk inondasyon yo epi ki pa garanti nan lòt pwogram redrèsman federal, Eta a oswa lokal. Yo ta limite sibvansyon yo a \$20.000 dola, epi sibvansyon yo disponib sèlman pou konpayi ki sou lis konpayi Administrasyon Ti Biznis ki te gen domaj yo.
- \$9 milyon dola pou diminisyon inondasyon nan konte oswa pou pwojè kontwòl inondasyon. Sibvansyon pou chak konte ta varye ant \$300.000 dola ak \$500.000 dola; men, konte yo ta ka aplike ansanm. Yo dwe ajoute konte ki kalifye yo nan deklarasyon federal pou katastwòf yo.
- Yon lòt \$20 milyon dola ki ajoute nan deklarasyon federal pou katastwòf te distribiye sou baz selon bezwen.
- Pèmision gouvènman lokal pou kite kontribiyab ki te afekte nan tanpèt yo pou peye taks sou pwopriyete yo an plizyè vèsman.

Kredi pou Konsèvasyon Djòb pou Biznis ki te Afekte nan yon Katastwòf Natirèl

Gouvènè a ak dirijan lejislatif yo dakò pou adopte yon kredi pou konsèvasyon djòb pou biznis ki te afekte nan yon katastwòf natirèl. Kredi a ta disponib pou antrepriz ki gen omwen 100 anplwaye ki te konsève oswa ogmante wòl travayè yo pandan tan sa a. Kredi a ta egal a 6.85 pousan salè djòb ki konsève yo, epitou li la pou patwon ki nan sèvis finansye yo, manifakti, devlopman lojisyèl, nouvo medya, devlopman syantifik, agrikilti ak lòt sektè.

Rediksyon Pousantaj Taks Manifakti

Gouvènè a ak dirijan yo te dakò pou ofri yon nouvo rediksyon nan taks yo bay pou manifakti sosyete yo lè yo bese pousantaj taks ki ta pèmèt yo ekonomize \$25 milyon dola.

Rediksyon Taks sou Pewòl MTA

Gouvènè a ak dirijan lejislatif yo dakò pou redui taks sou pewòl MTA sou ti biznis yo pandan y ap konsève lajan ki nesèsè pou MTA nan lòt sous yo. Yo ta elimine taks sou pewòl la oswa yo ta redui taks la pou 294.900 kontribiyab antou. Yo ta elimine taks la tou pou yon lòt 415.000 kontribiyab lè yo ogmante egzanpsyon revni travay endepandan. Answit, lekòl primè ak segondè prive yo, ak lekòl pawasyal yo ta jwenn egzanpsyon fiskal tou. Eta a ta konpanse MTA pou \$250 milyon dola nan revni ki pèdi.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Biwo Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518,474.8418